

EPIZÒD: EGZÈSIS

MO JODI A : EGZÈSIS

REZIME EPIZÒD LA



Lili ak Tilou ap sote kòd. Yo gen yon konkou pou evalye ki moun ki ka sote pi wo. Lè Lili genyen, Tilou fache. Lili panse Tilou konpòte kò li mal. Zando ede timoun yo wè ke yo tou de pa konpòte yo an bon jwè.



De ti gason ap kouri nan eskalye yo nan San Sousi . Pandan y ap amize yo y ap pataje konesans sou moniman an.



Kat lapen nan forè a prepare pou yon gwo kous. 2 ladan yo, Albèto ak Aleksandrin, te travay pi di pase lòt lapen yo paske pral gen anpil konpetisyon. Lè yon sèl nan de (2) zanmi lapen yo pran devan, li te chwazi ant genyen kous la oswa ede zanmi li ki te glise tonbe.

POZE ÈLEV OU YO KESYON

1. Ki sa nou te wè ki te pase nan Lakou Kajou jodi a?
2. Ki sa ou te renmen pi plis? Pou ki sa?
3. Èske Lili ak Tilou te aprann yon lesyon jodi a? Ki sa li teye?
4. Ou sonje istwa a sou lapen yo? Ki sa ki te pase nan istwa a? Ki moun ki te genyen kous la?
5. Bay non de(2) lòt moun ki te nan istwa a. Ki sa ou panse souyo?

FÈ AKTIVITE AK ÈLEV OU YO

1. Jwèt Sote kòd

Nan aktivite sa a, timoun yo ka aprann matematik pandan y ap fè egzèsis:

Etap 1: Divize timoun yo nan ti gwoup pou fòme plizyè ekip. Fè chak moun nan ekip la pran tou pa li pou sote kòd. Si klas la gen anpil timoun, chwazi yon reprezantan pou chak ekip epi mete yon jiri ki pou konte kantite sote pou chak moun. Chak moun nan ekip la oubyen chak reprezantan ap sote jan jij la defini règ yo.

Etap 2: Tout moun konte kantite sote chak timoun fè jistan li pèdi.

Etap 3: Apre sa ekip la fè adisyon total kout sote pou tout timoun ki nan ekip la.

Etap 4: Pou timoun ki pi gran yo nou ka fè timoun yo kalkile kantite mwayèn ekip la (divize total la pa kantite moun ki nan ekip la).

2. Memwa Mouvman

Aktivite sa a bon pou memwa elèv yo:

Etap 1: Fè elèv yo fòme yon sèk.

Etap 2: Premye moun ki kòmanse fè yon ti jès (tankou bat bravo, voye men, oswa yon jès ak dwèt).

Etap 3: Moun ki vini apre a, fè menm jès la.

Etap 4: Apre sa, l ajoute yon lòt jès.

Etap 5: Fè wonn sèk la men chak moun dwe repete tout jès ki fèt anvan yo epi ajoute pa li.

3. Zando di

Jwèt sa kapab ede elèv aprann koute byen:

Etap 1: Chwazi yon lidè.

Etap 2: Kòmanse pa fè tout elèv yo fè yon liy, fè fas ak lidè a.

Etap 3: Lidè sa a ap kòmande gwoup la pou yo fè diferan jès ke lidè a ap fè tou.

Etap 4: Elèv yo ta dwe sèlman fè jès la si lidè a kòmanse lòd la ak "Zando di". Pa egzanp: "Zando di, mete men ou sou tèt ou"; "Zando di bat men ou." "Zando di kouri an plas." Si lidè a kòmanse ak lòd la sèlman: "Mete men ou sou ranch ou," olye "Zando di, mete men ou sou ranch ou," timoun yo pa dwe fè jès la.

Etap 5: Si yon moun fè lòd la lè lidè a pa te kòmanse ak "Zando di," li pèdi, l al chita.

4. Aktivite deba

Aktivite sa a kapab ede elèv aprann chanje opinyon e respekte opinyon lòt yo.

Etap 1. Ekri yon sijè sou yon tablo oubyen yon lòt sipò kote tout timoun ka wè l. Pa egzanp : Tilou te fache apre l fin pedi, eske w panse li te gen rezon ?

Etap 2. Pwofesè a ap jwe wòl moun k ap bay lapawòl.

Etap 3. Lè pwofesè a estime ke tan yo te dwe pale a fini, li fè sentez pandan li ensiste sou "bon jwè".

5. Kreyativite nan sote kòd

Aktivite sa a ap pèmèt elèv yo mete an valè kreyativite yo.

Etap 1: Divize timoun yo nan ti gwoup yo pou fòme plizyè ekip . Si klas la gen anpil timoun, chwazi yon reprezantan pou chak ekip epi mete yon jiri ki pou konte kantite sote pou chak moun.

Etap 2: Mande chak moun sote epi fè yon mouvman diferan pandan yap sote (gen sote kroupi, sote kwaze, sote sou yon sèl pye, sote pyafe, etc.)

Etap 3. Moun ki sote plis e ki fè plis defi genyen.